


www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi



# Зульфия

## Лирика

ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТ БАСПАСЫ
НӨКИС—1962

www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЗАТЛЫҚ СҮЙИЎШИ ЕЛЛЕРГЕ СӘЛЕМ!

Аппақ таңлар ақылымды алғандай,
Сулыў түнлер „ҳайю“ айтып турғандай,

Жер жулдызы шашылып ой-қырыма,
Мәмлекет шомылар өз нурына.

Жас бөбеклер уйқылап атыр томпайып,
Ўатанымның түни қандай әжайып!

Толды, мине, үйиме дос-яранлар,
Үй және де жарық тартты, қараңлар!

Олар келди қурылыслардан, таўлардан,
Ақ алтынлы аўыл ҳәм жайлаўлардан.

Келер, сөйтип, мениң қаҳарманларым,
Сәўбет пенен атар ҳәр бир таңларым.

Атлас тоқыўшы қыз ҳәм де пахтакеш,
Алтын жулдыз таққан шопан зәбәрдес,—

Бәри мениң қәлемиме қарайды,
Мийнетимди тәрийп ет деп сорайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ырза болсын деп усы көп азамат,
Таң атқанша—тынбай қосық жазаман.

Қәлем тартып, қустай қанат қағаман,
Атар таңды сақшы болып бағаман.

Бирақ, бизиң усы йошлы түнлерди
Күншил душпан көре алмай күнлейди.

Мен айтаман: „доқ урғанды койың дә!
Тынышлықтың қорғаны бул ойын-ба?

Парахатшылық туўы астында миллионлар
Атом бомбаңыздан айбынбас олар!

Тынышлықты сүйген халықлар бедели
Кеўлиме йош берип, қулшынтар мени.

Ўатанымның рәҳәтли түнлерин
Қорғап, постта турыў ўазыйпам мениң.

Кремль жулдызы елеслер маған,
Кеўлим қуўат ҳәм де нур алар оннан.

Каналлар мәўжирип шөлге жол алар,
Турбиналарға урар асаў дәрьялар.

Ҳәм оннан жаралар қудиретли күш, нур,
Гүлленген үстине гүлленер өмир.

Ҳәм де коммунанын нурлы шыңлары
„Кел!“ деп шақырады кеўил суңқарын.

Мине, усындай йошлы сезимлер менен
Таң атқанша тынбай тартаман қәлем.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атқан таң айнамнан ҳармасын айтар,
Уллы қуяш нурдан гүлдәсте тутар.

Қуяш Ўатан бойлап нур сепкен гезде
Сөндиремен үйде светти мен де,

Сонда кеўлим қуяш нурына толып,
Сонда атқан таңның ашығы болып,

„Тыньшлықты сүйген еллерге сәлем!"
Деп дүньяға қарап қышқыраман мен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## НУР

Анам ҳәмир етип, күтпеген жерден,
Уйқыла деп сөндирип кетти светти.
Бирақ көргиш тартып көзлерим бирден,
Дүньяны сәйир етип аралап кетти.

Кеўлиң жақты болса, қараңғы үйде
Жатып-ақ дүньяны гезиўиң мүмкин.
Ығбалың ақ болса, түнде де гейде
Сондай нурлы қосық жазыўың мүмкиң.

Перзент ана уйқысын бузсын несине!
Светти жақпадым оннан урланып.
Анам талай айтқан „нур ийесине"
Кеўлимде ықласым турды нурланып.

Анам айтқан талай: „қашан, қай елде
Бурын ким еситкен ондай адамды!
Ленинди көрмеген халықлар мың тилде
Сайрап, тәрийп етер ол данышпанды.

Ийнедей сәўлеге зар болып өзи,
Зинданда жатса да, кәрсе де сүргин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нурлансын деп қара халықтың көзи,
Гүрести тынбастан бир саат, бир күн.

Мине, қәўипли гүрес жыллары өтип,
Сол нур мениндағы көзимде қалды.
Өмиримнен де зыят жақтыны кеўил,
Билемен, сол нурдан,—Лениннен алды.

Исимнен, өмиримниң таңатарынан
Сол нур жақты берип, баслап жүрипти.
Ҳәтте қосығымның ҳәр қатарынан,
Ильич нуры мудам жайнап турыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МУШАИРА

Ҳинд ақшамы салқын тартты.
Отырыппыз биз бағда.
Ел уйқыға жатты, бирақ,
мушаира қызбақта.
Келиң дослар!
Бул бәзимде
Жатырқаў жоқ, ҳәмме дос,
Көркем өнер байрамы бул,
жарысады бунда йош.
Бунда уйқас, бәйит ҳәм сөз
бәсекеге түседи.
Бәйги атындай шулғып кеўил,
жүрек шәўкилдеседи.
Кимниң кеўил шәмени бай,
кимниң тили байырақ?
Кимниң сөзи мәнилирек?
Топлым өзи айырар.
Мушаира –күн шығыстың
поэзия бостаны.
Шайырлардың айтысы бул,
бул– өмирдиң дәстаны.

Май жапырақлы манго ағашы
көк шатырын қурғанда,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қапырық заллар кимге дәркар,
таза ҳаўа турғанда?
Кеўли толы қосық пенен
келген бунда ҳәр шайыр,
Биреў жырлап Нил қудиретин,
Биреў Гангты мақтап тур.
Мисли Бенгал суўындай көк
ҳаўа ойға талғандай,
Шырамыздың шуғласынан
жулдыз нәпес алғандай.
Алып қашып келер бизге
салқын жағыс самалы:
Гүлдиң ийисин, қуслар сесин,
ҳинд қызы айтқан наманы.
Бирақ ҳәзир бунда жүйрик
қәлемлердиң нәўбети,
Йошар қызғын мушаира—
шайырлардың сәўбети.

Сахна--өзбек сыпасындай,
шуғла яңлы шыралар,
Шынлық ҳәўес еткен кеуил
бул шуғладан нур алар.
Поэзия бағында бар
ғарры шынар, нәўше гүл,
Бирақ бунда жас саналмас,
бири—ата, бири -ул.
Күншығыстын үрип-әдетин,
ҳинд дәстүрин бузбастан,
Малдас қурдық, „аяғымлап"
жыңқ етпедик биз ҳаслан.

Төсегимиз сырлы гилем,
сезесең өз үйиңдей,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зейиним кетти шешип койған
сансыз аяқ кийимге.
Бул геўишлер, бул туфлилар
көп жоллардан жүрген ғой.
Ҳәр қайсысы өз жериниң
шаңын алып келген ғой.
Әне, анаў ҳинд сандалы,
ким соқты, ким шешти екен?
Ол соғылған сандал ағаш
қайсы жерде өсти екен?
Жалғыз емес, ол сандал көп,
мен де бирин кийейин,
Халқым мийрин ҳаса етип,
ҳиндстанды гезейин.
Пәшнесиз кытайы геўиш,
ҳәм Бағдат ботинкасы,
Шүйиркелесер қатар турып,
дос-ярандай екиси.
Және бир жуп „жолбасардан"
Цейлонды мен таныдым,
Анаў жубын шебер Иран
тиккен, айтсам анығын.
Кең саҳрайы моңғолы етик
геўишине Пенжабтың
Ертегин айтып турғандай
өзи тигилген жақтың.
Инсан иси ҳәм ҳөнери
жаўын алар көзиңниң,
Соңынан журтқа сездирмей
туфлиыма өзимниң
Қарап қойдым... О, сен Аҳмед,
ўатанласым, қоңысым,
Қалыспайды екен журттан
шеберлигиң, жумысың!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билемен, ҳинд елинде дė
    яр-досларың бар сениң.
Келмейтуғын жери бар ма
    дослық деген нәрсениң!
Бомбейли ме, кашмирли ме,
    достың жақын, қашық па,
Бәри бир ол жасар бунда
    оқылған ҳәр қосықта!

Жасыл жапырақ көк шатырдың
    астында журт сығасып,
Шықты мине микрофонға
    мушаира ағасы.
Ҳинд жанының жыллы ҳәўири,
    ышқы бардай жүзинде,
Ақ шашында ай шуғласы,
    жаслық нуры көзинде,
Бул көз көрген ел көз жасы
    дәрья болып аққанын,
Бул көз көрген үмит оты
    шақмақ болып шаққанын.
Ҳинд көгинде шыққан күнге
    ол қуўанып бағады.
    Шақырады ол айтысқа,
    сөз дәрьясы ағады.
Түн-дилмаштай, кеўиллерге
    дослық сырын сызбақта.
Келиң дослар, келиң дослар,
    мушаира қызбақта!

Мине, ортаға шықты ҳаял—
    шебер Пенжаб бүлбили,
Ана кеўли, гүрес сазы,
    айтқан сөзи үлгили.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосық оқыр Непал, Вьетнам,
рус, тәжик ҳәм қытай,
Дослық сезими ҳәр кеўилде
толып тасар дәрьядай.
Сақал-мурты мисли қара
жалындай сигҳ шайыры,
Ақ лифаслы бенгал, ҳиндлер
шықты топты айырып.
Бул қосықлар көп тиллердиң
шыққан қайнар көзинен,
Түрли кеўил, түрли сезим
аңланар ҳәр сөзинен.
Бул қосықта түрли ой бар,
түрли-түрли бар мәни:
Бул қосықлар—гүрес сазы,
қыз-келинниң әрманы.
Бул қосықлар—банан ийиси,
нәрестениң күлкиси.
Бул қосықлар—өмир көрки.
ҳақыйқаттың үлгиси.
Бул қосықлар—наз, еркеси
сүрмели көз арыўдың,
Бул—буўлыққан өмир даўысы,
зарлы сеси налыўдың;
Бул—жулдыздай алыс ығбал,
бул—азатлық ураны,
Бул қосықта түрли сезим,
түрли жүрек урады.
Бул—қуллықты қырқыпатқан
кек ҳәм ғәзеп тыйығы,
Бул—шақырық, жалбарынып
жатпа дейди буйығып.
Бул қосықлар—жоқ қудайдан
нан күткенниң наласы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул қосықта жаңлар ҳәм де
азат инсан намасы.
Ҳәм бул нама—бул салтанат
ҳәр кеўилде өнгендей,
Азия ҳәм Африка
картасына енгендей.

Жеңил қанат самал сонда
қосықларды бул жерден
Ядлап алып, алыс жолға
сапар шегер ол бирден.
Сапар шегер ол шаршамас
саяҳатшы жан қусап.
Қанатына жүклеген ол
дослық, мийрим—шәпаат.
Ядлап алған қосықларын
таратар көп еллерге,
Ол ушады, ол түседи
миллион—миллион жолларға.
Ол Шығыстың келешегин
жәриялар ҳәм қарсы алар.
Күнбатысты „мушаираға
кел, достым“ деп, жар салар.

Ҳинд ақшамы! О қандай
сырлы сулыу түн един!
Бирге соғар шайыр менен
тыңлаўшының жүреги.
Жаңа қосық, жаңа ойлар
көпириндей дослықтың,
Кеўиллерди бир-бирине
тутастырар ол бүгин.
Мушаирамыз бир жүректей,
бир тамырдай соғады,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал жапакеш Африканың
улы ортаға шығады.
Көзлеринде сәўлеленер
көкирегиниң ақлығы,
Сөзлеринде сергеклик бар,
гүрес интимақлығы.
Оның қосығы—қатты уйқыдан
оянған ел ҳаўазы.
Оның даўысы—азатлық деп
айқырыўшы лаўазым.
Поэзия ермек емес,
ол—өмирим, ас-наным,
Мушаира,
мушаира,
жырла өмир дәстаның!
Сал сүренди,
поэзия
жүреги бол, дүрсилде,
Қуўнақ, шадлы намаға сал,
қайғыланып гүрсинбе.
Өмирдиң ең сырлы сазы
менен толтыр арнаңды,
Шақыр турмыс усталарын—
рабочий, дийханды.
Оларда да шайырлық бар:
гүрес—илҳәм булағы.
Ерк ышқысы, арыў, үмит—
ең қызықлы китабы.
Олар қосық жазыў исин,
шайырлық дәрт мазасын
Билмес бәлким.
Шақыр берман,
Қәлемлерин сынасын!
Келсин олар бул мәжилиске,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөз арнасын қазайық,
Олар—шөккиш, орақ, ал биз—
қәлем менен жазайық.
Поэзияның ыссы деми
тыныс болсын өмирге,
Артсын өмир арыўлығы,
толсын шадлық кеўилге.
Қәўипсиз, азат өмир қосығын
айтып бахыт төринде,
Емин-еркин жүрсин ҳәмме
өз туўылған жеринде.
Келиң дослар, даўысымызды
пүткил дүнья тыңласын.
Мушаира,
мушаира,
мушаира жаңласын!

---



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕЎЛИМЕ ЖАҚЫН КИСИЛЕР

Баратырман көшесинде қаламның,
Әтирапымда қайнар шаўқымлы өмир.
Көшесиндей жан—Москва анамның,
Машиналар себи үзилмес ҳеш бир.

Халық дәрьясы ағар ғыр әтирапта,
Жақын-жуўық танысымдай бәри тек.
Аты-жөнин билмеймен мен. Бирақ та,
Ҳәммемизде бир умтылыў, бир тилек.

Ертеңгини бүгин дөретиў ушын,
Ҳәмме асығып алға аяқ басады,
Тарийх оқымаған жаңа өмирдиң
Шежиресинен жаңа бетлер ашады.

„Неге бәрин танымайман атма-ат?
Деп сорасам, жуўап берди таң маған:
„Мениң сәўлем түскен барлық адамзат,
Саған таныс ҳәм де туўысқан саған".

Азан менен журт ағады жумысқа,
Арасында бир толқындай жүземен.
Пүткил халық бир уллы қурылысқа,
Ўатан бойлап ағылғандай сеземен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пахталы, бийдайлы туўған жеримде,
Көргендей боламан ғажжа-ғаж жумыс.
Узақ Шығыс, Бақу ҳәм Сахалинде,
Барлық жерде баҳәр кызғын қурылыс.

Көргендеймен түркмен кызын сонда мен,
Дәў кранға блокты ол илгендей.
Жай дийўалын көкке өрлетип, күн менен
Жақын барып тиллескиси келгендей.

Дослық мақтанышы кернеп кеўилди,
Гербиш усынаман сол уста қызға.
Қурылыс тоғайына бөленген елди
Көрип кеўлим шарлап жетер жулдызға.

Кеўлим уатанымның кең картасындай,
Барлық жерлер таныс, қәдирдан дияр.
Онда қәсийетли гәўҳар тасындай
Еки жүз миллион халық муҳаббети бар.

Қыйын исте дос-яранлар қолласар,
Дослық сезими кеўлимде күш оятқан.
Усы совет адамлары болмаса,
Кеўлим сәўле алар еди каяқтан?

Усы сәўле арқалы мен түнлерде
Жазбай таўып дос есигин қағаман.
Усы сәўле менен барлык жерлерде
Кеўил жақын көп адамды табаман.

Колхоз, завод, мәмлекет басында
Жүрегиме жақын адамлар services.
Бахтияр шайырман, мен ырасында,
Қосығым соларға унаса егер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕН КОММУНИСТПЕН

Коммунистпен!
Жанды толқытар бул сөз.
Бул сөз мениң барлығымды аянлап,
Жүрек сезимимди тереқ баянлап,
Шынлық, қосық болып
Қуйылар тилге.
Өмиримниң мәниси,
Ҳүжданым болып,
Қыйынлықты жеңгиш қуралым болып,
Ғайрат, сүйиниш болып сиңген кеўилге.

О, партиям!
Мен бир бахытлы таңда
Кеўлимде туў етип уллы исмиңди,
Турдым мен қатарға. Ант бердим сонда
Саған бағышлаўға өз өмиримди.
Бахытлыман, кишкене мийнет постында
Егер ақлай алсам исенимиңди,
Кеўлимде туў етип уллы исминди!

Мен жас коммунистпен!
Баслар алдымда
Гүрес отын кешкен ветеранларың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олар өткен жолдың ҳәр гүзарында
Билемен, таўсылмас тәжирийбе барын.
Сол тәжирийбелердиң ҳәр катарында
Сабағым, ақылым, талмас мәдарым.
О, партиям!
Сениң нурлы жолында
Асты, асар иске бар арзыўларым.
Мен жас коммунистпен!
„Мийнеткеш адам!

Үзиң буғаўды!“ деп сүрен таслаған
Батыр миллионлардын мен генжетайы.
Мийнет адамларын алға баслаған
Партиям—намысым, даңқ, абырайым!

Партиямның тунғыш перзентлериндей
Мәрт, искер, ақыллы әўладлар келер.
Ант берип, жүреги дүпилдеп мендей,
Күшли исеним менен сапқа дизилер.

Комсомол өсирип, толса жасына
Жас ленинши кызым ҳәм де улларым,
Усынаман мен Ленин партиясына
Оларды, олардың тең курдасларын.

Ертең коммунизм азаматына,—
Шын жүрегим менен исенип оған,—
Қуўанып кепиллик беремен сонда,
Кепил болғанындай маған рус ағам.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АНА

Узақ күн аралап пахта даласын,
Баслық үйге қайтты кеште ат шаўып.
Сүтке мәттал болып үйде баласы
Жатар әткеншекте ақ булттай аўып.

Аттан ырғып түсип келиншек тезден,
Емиренип баласын баўырына басты.
Сүт аңқыған ана көкирегинен
Келди өмир толы бир бәҳәр паслы.

Жақтыға умтылған бир нәўше талдай,
Кептердей талпынды анаға бала.
Өз бахыты менен ушырасқандай,
Улын көкирегине басады ана.

Аналық мийрим менен толып тасыған,
Жас көкиреги ийип, тырсылдады сүт.
Үлкен рузыгардың машқаласынан
Узақ күнги шаршаў тез болды умыт.

Пыснап, терлеп-тепшип емип нәресте,
Ана қушағында пайыз табады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүйип-сүйип улын уйқылатып әсте,
Баслық атқа минип және шабады...

Мине, және атқан таңдай жадырап,
Отыр ана сыпа үстинде ойланып.
Түн ишинде кең пахталық әтирап,
Баласындай тербетеди ойларын.

Умыт қалған қылыш усап қарыққа
Аққан сууда жатыр жаңа туўған ай.
Нурға, сууға ҳәм мийнетке қаныққан,
Жер зүрәәтин ийип атыр қайнақай.

Кеўлинде исеним ҳәм үмит пенен
Толқыр елге деген ең күшли сезим.
Билер ме ол бул сезимди сүт пенен
Қосып баласына емизип жүргенин?

Биледи! Өз жаны, өз жүрегиниң
Бир пәршеси яңлы перзентин сүйер,
Бул бала—ийеси ертеңги күнниң,
Бул баланы күтер қызық өмирлер.

Жыл айларды туўып, айлар күнлерди,
Жер жаңа зүрәәттен перзент көреди.
Анасындай аралап бул жерлерди,
Халқы ушын хызмет қылып жүреди...

Әсте уйқылап кетти бала ҳәм дала,
Текте ана ғана ояў отырар.
Ильич шырағының жақты нурында
Ол өз арзыўларын тәрбият қылар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЗҒАНЫШ

Отырман мәўжирген дәрья бойында,
Кеўлимде қандай бир қызғаныш, ҳәўес.
Суў ҳәм нур, екеўи түскен ойынға,
Ҳәм бәҳәр нәфеси... Бирақ бул емес,—

Көзимди қыздырған бул емес бирақ.

Өйткени, бәҳәрдиң нәфесин маған
Сезиў несип еткен журт пенен бирге.
Дәрья ағар тек те өз аңғарынан,
Ал мен бара аламан қәлеген жерге.

Толқын бир тынымсыз өмирге толып,
Мениң қыялымды сүйрелеп қашар.
Қуяш миллион-миллион шоқ жулдыз болып,
Суўға есап-сансыз маржанлар шашар.

Шағала шарқ урып дәрья үстинде,
Женил қанатына суўды сыздырған.
Суўдың салқын леби ырық бермей күнге,
Таў етегин бойлап қалаға урған.

Бул да емес, бирақ, көзимди қыздырған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Геўдемде жүрек бар жалынлап турған,
Ол төзген айралық, ышқы дәртине.
Мен қуяшлы елдин перзентидурман,
Өзим хожейинмен бахыт, еркиме?

Сонда не дейсең ғой көзимди қыздырған?

Көзлерим сукланып суўға ышқы еткен,
Дәрья кәнарында шарқ урған еди.
Бир ақ сақал ғарры, қолында кетпен,
Бағына суў ашып атырған еди.

Гүмис тулымларын жазып, таралып,
Суў топырақ қойнына синбекте әстен.
Бир әжайып ҳәўес ақылымды алып,
Қызғанышлы түрде қарай бердим мен.

Бир қызалақ жаптың жайпаўытында
Шолп-шолп сууды қанып ише жөнеди...
Сол бир уртлам суўдай қосықларым да
Суўсын болса еди дегим келеди.

Көзимди қыздырып, жанымды қыйнап,
Тынышымды бермеген ҳәўес сол еди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УЛЫМ, СИРӘ УРЫС БОЛМАЙДЫ!

Бәҳәр келди. Жадырап күн,
Қарлығашлар қалқып ушты.
Уйқылап атырған улымның
Ләби үстине сая түсти.

Әлле неге тынышсызланып,
Қарай бердим мен балама...
Өмирди ол еплеп танып,
Есеймекте жаңа ғана.

Бойға ҳәзир меннен асар,
Көксине бас қоя аламан.
Әкесиниң орнын басар,
Жигербентим, болғай аман.

Сүйикли яр салған жайда
Өсер оның жәдигери.
Қуўанар еди-аў, балам, ол да,
Көрсе ҳәзир әкең сени.

Залым урыс! Атың өшсин!
Сен себепли кеўил жара.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп үйлерде сен себепли
„Әке“ сөзин билмес бала.

„Әке“ сөзин жулып алдың
Нәрестениң тилинен сен.
Еле де жақсы, ўатаны бар
Оны жетимсиретпеген.

Ана болып асырап мен,
Әке болып жолға салдым.
Мине, елге ул өсирген.
Бир дәўлетменд болып қалдым.

Төгилгеним қайта толып,
Кемис кеўлим питти және.
Сүйенерге таўым болып,
Өсип атыр улым, мине.

Мен анаман, мениң жаным
Перзент деми менен жасар.
Урыс десе, суўып қаным,
Гейде көзден уйқы қашар.

Жоқ! Урыстың өшкей аты,
Бала дәркар өмир ушын.
Бала—бахытымның қанаты,
Болар ма қанатсыз ушып?

Қарлығаштың қанатының
Саясынан басқа сая
Уйқыдағы нәрестениң
Үстине түспегей сирә.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жетер енди, аналардың
Кеўлин дағлап, қорқытыўлар!
Тилеги сол халықлардың.
Урыс десе, денем жуўлар.

Көкирек сүти, мийнет пенен
Биз турмысқа беремиз жан.
Шықса аналар ғәзеп пенен,
Урыс болмайды, улым, ҳаслан!

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАРТ ТАҢЫНДА

Қарлы таўлар үстинен түнди.
Әсте айдап зумирәд таң атар.
Таңды алып келген жас күнди.
Пайтахтым қутлықлап жатар.

Жалт-жулт еткен тротуардан,
Суўды жалар азанғы қуяш.
Жүзи жайнап бәҳәр ҳәм нурдан
Дослар маған болады жолдас.

Мине барар илимпаз ҳаял,
Қәдемлери пикириндей батыл.
Шашларында таң нуры жанар,
Нәзери таў шарлап баратыр.

Профессор деп халық айтар бирдей,
Сол назәлим пәкизе жанды.
Қәдем таслар таў кийигиндей,
Жырла шайыр усы жаўанды!

Ол изертлеп топырақ қатламын,
Тар қыснақлы таўлардан асты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кийиктей ол тастан атлады,
Сийрек металл кәнлерин ашты.

Оны күтер билим жайында
Студентлер тез келгей десип.
Шашы тозғып ақ маңлайында
Баратыр ол самалдай есип.

Асқар таўлар қары жарқырап,
Саўлат пенен күтеди таңды.
Таў баўырында гигант комбинат,
Шақырып тур усы жаўанды.

Илимпаздың көзинде сәўле,
Кеўлинде көп ойлар келеди.
Ташкент бойлап самаллар гүўлеп,
Қанатында саз әкеледи.

Сондай сулыу, соншелли дилбар,
Салтанатлы жаңлаған бул саз,
Усы сазда, достым, сен де бар,
Сен де онда қыласаң пәрўаз.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПӘРЕНЖЕСИН ТАСЛАМАҒАН ҲАЯЛҒА

Күндей аппақ жол ортасында,
Мен тосаттан ушыраттым сени.
Ашық жүзли айлар арасында
Бул жүрисиң иренжитер мени.

Ескиликти еслеттиң бирден,
Саўал менен келдим қасыңа:
Мен таслаған пәренжени сен
Қайдан тауып салдың басыңа?

Қайдан таптың бул қара торды,
Қайсы наймыт сақлап жүр екен?
Көргиш қумай көзиңди, сорлы,
Соқыр болсын дегениң бе сен?

Ҳуқыўқыңды, еркиңди неге
Бир сумға сен кисенлетесең?
Ерк мәканы болған үлкеде
Неге өзиңди тутқын етесең?

Саў басыңды саўдаға шатып,
Айыплыдай ийип жүресең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Туткынлыққа еркинди сатый,
Неге пəренжени кийесен?

Сен билесен, бизиң еллерде
Туткынлықтың дəўири өткенин.
Азат қызлар тəрийпи тиллерде
Дəстан болып тарап кеткенин.

Əне, сонша азат ҳаял-қыз,
Кем бе олар сениң жанында?
Ҳəр қайсысы бир жақты жулдыз,
Жарқырайды ерк аспанында.

Кремльде кенес қурады,
Прагада ойынға түсер.
Таў да оларға қуллық қылады,
Тəбият пенен бəслессе егер.

Көкке нəзер салса ол қызлар,
Ашық болып ай туўар күндиз.
Суўға нəзер салса ол қызлар,
Дəрьялардан шашырар жулдыз.

Шөлге апарып өмир гүлзарын,
Қара жерден алтын өндирер.
Пахтакештиң намысын—арын,
Өз арым деп ҳүрметлей билер.

Қара, анаў қыздың өнерине!
Алтын жулдыз таққан қаҳарман.
Ал, сен неге өз өмириңе,
Чадра жаўып, тутасаң шашбан?

Айтшы, сиңлим, жүзинди бүркеп,
Пəренжеге ораған ол ким?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қандай да бир қәсийетсиз еркек
Урлағанды еркиңди бәлким.

Тасла, жаным, ескилик торын!
Өрмекшиниң аўы ғой бул тор.
Турмыста бар саған кең орын,
Азат қызлар қатарында бол.

Жул перденди, достым, жүзиңнен!
Айды уялтқандай жүзиң бар.
Думанды серп қумар көзиңнен.
Жулдыздай шоқ отлы көзиң бар.

Сен от берсең бул қара торға,
Көкирегиңе қуяш нур шашар.
Өз бойыңнан таралған нурға
Душпанларың төзе алмай қашар.

Ғәплет торын жүзиңнен жулып,
Жүр, биз бенен қарсы ал таңды.
Күл, сайран сал, хызметлер қылып,
Даңқ—абырайға бөле ўатанды!

---

— Чадра, шашбан—пәренженин бөлеклери. (*Ред.*)



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КАНДИДАТ ПЕНЕН УШЫРАСЫЎ

Бир күни кеште клубқа
колхозшылар жыйналды.
Бизиң Қәтийша бийкеш
сонда албырап қалды.

Кеп-кең аўылы бирден
тар келди шадлығына...
Президиумда—ең төрде
кысынып отыр ана.

Ҳәмме тилде—бир адам:
Ананы мақтап атыр.
Залдан, есик, айнадан
журт оған қарап атыр.

Ислериниң салмағын
айтып аўылласлары,
Қәтийша қыздың анасын
албыратып таслады.

Бир ғарры шығып минберге,
мақтап жағы сембеди тек:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жипектей жағымлы елге
Бул ҳаялдың еңбеги,—деп.

— Колхозда науқан тутқан,
билемиз, ҳаяллар көп.
Бирақ, бәринен Нурхан
пилланы көп алды,—деп.

— Гүллер ашылып солғанша,
қурты жипек орар буның.
Журттың қамтымы толғанша,
себети толар буның.

Колхозымыздың даңқ—атын
жиберди кең жайып ол.
Халықтың депутаты
болыўға ылайық ол...

Анасы күндей нурланып
көринер қыз көзине.
Искер қолларын барып,
сүртсем дейди ол жүзиме.

Анасының мийнетин
мақтар халқы, ўатаны.
Анаға ел ҳүрмети
қуўантар Қәтийшаны.

— Апажан,—деп сыбырлар,—
мен бахытлыман қандай.
Төрде уллы ҳәм гөззал
ўатаны отырғандай.

Қәтийша отыр қызарып,
төбеси жетип көкке.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пүткил аўылы сөз алып
  изли-изинен сөйлемекте.

Зал толы сайлаўшылар
  сөзин тыңлар кандидаттың:
— Усы қышлақта туўылдым,
  усында кәмал таптым.

Мийнетке де, табысқа да
  үйреткен өзлериңиз.
Маған исеним билдирип,
  ҳүрмет еткен өзлериңиз.

Нурхан жеңгейдиң кеўли
  толқып, босасып кетти.
Мийнетиндей салмақлы
  сөзлери тасып кетти:

— Гербимизди пахтадай
  безеп турсын жипек те.
Пүткил халқым жипектен
  кийинсе деймен тек те.

Наказыңыздың бәрин
  жаздым кеўилге—деди.
Күш—ғайратым, жигерим
  күш берген елге—деди.

Қол шаппатлап турды халық,
  Қәтийша қуўанды сондай.
Анасының сөзинен
  түн жақтылық алғандай.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЧАРЖОУ—ҚОНЫРАТ

Ушы-қыйырсыз шөл, Ай жүзер көкте.
Бес адам қум сызып жылжып киятыр.
Дизден диңке кетип, аңқасы кепкен,
Ал лагерь олардан узақта жатыр.

Инженер өркеш кум үстинде турып,
Әтирапқа көз салды. Алыс еди суў.
Поход лагери жоқ. Тек ынтықтырып,
Алыста айнадай жарқырар Әму.

Бир ўақта басланды қумда топалаң,
Бөри ойнағындай шаңғыт қутырды,
Лаппа жерге жатты бес қайсар адам,
Қум оларды тынбай сабалап урды.

„Ала сапыранда адасты ма, я?
Жетсе болар еди-аў, лагерьге аман,"
Деп, алдында кеткен отрядты аяп,
Қәўетерленбекте инженер мудам.

Сай ҳәм сексеўилди көмип кетиўши,
Қара қўм буўсанып бурқыды бирден.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Шөл бауырын тилиуге жүрек етиуши,
Бул өжет адамлар қаяқтан келген?"

Қумға өмир алып келген бес батыр,
Жатыр бир шапанға орап басларын.
Дауыл барған сайын уйтқып баратыр,
Тозғытып аспанға қумлақ тасларын.

„Кешир, жабайы шөл! Жансыз бауырыңа
Өмир алып келиу нийетимиз бар.
Қайнаған ыссыңа, долы дауылыңа,
Енди бас ийгенин қойды адамлар.

Халқым қарар етти қумның үстинен,
Полат жол салыуға келешек ушын.
Бул жолдан ағыушы өмирди ертең
Ҳаслан ирке алмас жабайы күшиң.

Халқымыз төсеген бул полат изден
Таңда талуас етип Қоңырат бетке,
Дәслепки паровоз зуулаған гезде,
Таңырқап лал болып турарсаң ҳәтте"...

Жолшылар шаршады димары қурып,
Бирақ дауыл, мине, сәл пәсеңледи.
Биреу биреуиниң танымай түрин,
Аппақ тислер ғана жылтырар еди.

Инженер орнынан турды бурынырақ,
Карта, әсбапларын жыйды сол бойда.
— Алтыбай, Ниязқул, қәне, турыңлар,
Бир станциялық жол бар Чаржоуға!...

Қумайтлы жийекте күн көрингенде,
Көзлери жылтырап, күлисип үнсиз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бес азамат алға жылжыды жәнe,
Өркеш төбелерде қалды ийрек из.

Усы ийрек издиң сақшыларындай,
Қалды қум үстинде қатар қазықлар,
Бул қазықлар саррас дуўтар тарындай,
Трассаны әкелер кең жазыққа.

Алтыбайдың қазық қаққан жолынан
Өмир алып келер ер жүрек әўлад.
Қара қумда гүрлеп әжайып дәўран,
Шөл қойнында гүллер өседи ғаўлап.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИЗИҢ АНАЛАРЫМЫЗ

Ким билмейди сизди, ўа, аналарым,
Ыссы демиңизден ким жылынбаған?
Мийримиңиз шексиз, сиз—намыс, арым,
Сизди тәриплеўге тил қайда маған!

Бизиң аналардың қуллық шынжырын
Октябрь сындырды, септи сөнбес нур.
Аналар қуяштай шашып өз нурын
Муңсыз, пәренжесиз сүрмекте өмир.

Ана—уллы адам, өмир булағы,
Ол Лениндей уллы перзентти туўған.
Ол өз сүти менен асырап, бағып,
Ел ышқысын қанға сиңдирер мудам.

Ана ели ушын аямайды жан,
Ўатан да ананы сүйер, ардақлар.
Бизди еркелеткен ана қолынан
Шөлге шәмен питип, қулпырар бағлар.

Оның епшил, шебер қоллары тийсе,
Тилсиз моторлар да сөйлеп кетеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Фабрикаларда, пахта жеринде
Олар новаторлық мийнет етеди.

Ески үрип-әдетлер олар ушын жат,
Үлкен атақ-абырай аналарға тән.
Депутат, илимпаз, врач, лауреат,
Колхоз, совхозларда олар қаҳарман.

Бири баслық еди колхозымызда,
Бүгин ол Москвада алады тәлим.
Бири жақты ҳәм кең класымызда
Жас әўлад устазы—билгир муғәллим.

Бири ийелесе илим шыңларын,
Бири көк суңқарын алып ушады.
Тоқыў фабрикасын мәрт аналарым
Даңқлы мийнет пенен таңда ашады.

Турмыс жасасын деп урыс—жәнжелсиз,
Тынышлыққа аналар жумсар жигерин.
„Сизлер коммунизм ийелерисиз!“
Деп олар өсирер өз перзентлерин.

Ана перзентлерин урыс ушын емес,
Бахыт, шадлық ушын тәрбият қылар.
Аналар бирлесип сүрен салса, ҳеш—
Ҳеш урыс боймайды. Қудиретли олар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЗАЛАҒЫМА

Азан менен турып қызым,
Маған еркеледи ол.
— Апа, байрамыңыз сизиң
Қутлы болсын,—деди ол.

— Өс қулыным, жет кәмалға,
Бирге болсын!—дедим мен.—
Анаң азат болмағанда,
Қуўанбас та един сен.

Күн түсер ме еди жерге,
Күн күлимлеп турмаса?
Шөлде өмир гүлленер ме,
Суўлар мәўиж урмаса?

Аналардың өмиринен
Қуллық мәңги жоғалған.
Перзентлердиң ерининен
Күлки кетпес ҳеш қашан.

Мен де азат, сен де азат,
Үйимиз нур жайнаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўатан және болса абат,
Ойымыз сол ойлаған.

Мен ислеймен, сен оқыйсаң,
Үмит толы кеўилде.
Исеним бар қәдем қойсаң,
Ырзамыз бул дәўирге.

Сен өсесең айдай толып,
Балалығың бахтияр,
Бахытыңа сақшы болып
Ана—ўатан тақ турар.

Ўатан—анаң намыс—арың,
Таянышың—Кремль.
Оның нурлы жулдызларын
Сен де мендей сүйе бил.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БӘҲӘР КЕЛИП СЕНИ ЖОҚЛАДЫ

*(Хәмид Әлимжанға)*

Салқын саҳраларда, бадам гүлинде,
Бинәфша[1] ләбинде, сайларда бәҳәр.
Самал желисинде, қуслар тилинде,
Мақпал ойпатларда, қырларда бәҳәр...

Бауырым, сүйер един бәҳәрди сондай,
Ерик гүллерине қумарттың әбден.
Ағаш бүртик жарса, шешең туўғандай,
Көзлериңе сүртип өбер един сен.

Және бәҳәр келип, мине, әзийзим,
Сени таба алмай ақылдан састы.
Қыстың жағасынан тутты „қайда?" деп,
Егил-тегил жылап қыс кейин қашты.

Таң самалы болып желпип жериңди,
Сен жүрген бағларды қыдырды тынбай.
Сениң жақсы көрген сүўретлериңди
Жасыл далаларға салды шаршамай.

---

[1] Бинәфша—гүлдиң бир түри.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сени таба алмай, даўыл болды да,
Дүзге алып қашты бәҳәр өз басын.
Фарҳад таўларына жетип барды да,
Тик жардан сайларға аўнатты тасын.

Жайлаўларға шығып көп шопанларды
„Шайыр қаяқта?“ деп тергеди барып.
Үнсиз муңайғанын көрип олардың,
Бәҳәр қайтып келди шаршап—шалығып.

Соңынан нур болып айнамнан кирип,
Ҳүлкәр ҳәм Аманның[1] сүйди жүзинен.
Ыссы көз жасымды жүзден кептирип,
Әсте хабар берди маған өзинен.

Бирақ өз уяңнан сени таба алмай,
Бир ноқатқа ўзақ тигилип қалды.
Және самал болып ғыр-ғыр айланып,
Мени бир азаплы тергеўге алды:

„Қәне, мен келгенде қушағын керип,
Йошы дәрьядайын аққан сол шайыр?
„Мениң бахытым бар ма?“ деп сораў берип,
Жүзиме телмирип баққан сол шайыр?

Ерик гуллерине төнбейди неге
Самалға сүйдирип ол буйра шашын?
Неге мен әкелген шоқ әндийшеге
Шықпас нәше етип жайып қулашын?

---

[1] Ҳүлкәр, Аман—Зульфия менен маркум Хәмид Алимжанның балалары *И. Ю.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шығысқа сукланып таң шағларында,
Ол тербетер еди кең қыялымды.
Оның ирəңбəрəң қосықларында
Бəрҳə көрер едим өз жамалымды.

Қайда сол сазендем, жигитим ғошшақ,
Неге көз жас төгип, ҳəсирет шегесең?
Неге қара кийдиң шашларыңда ақ,
Бул бəҳəрде қайғылысаң неге сен?"

Ҳеш бир жуўап таппай мен қалдым турып,
Соңынан оны ертип келдим қасына.
Бəҳəр мениң менен бирге қайғырып,
Жамғырдан жас төкти қəбириң тасына.

Ҳəм қайғыңа төзбей көшти дараққа,
Бүртиклерди жарып айтты муңларын.
Кеўли қарар таппай шаўып жəн-жаққа,
Ашты қан жылатып ғумшаларын.

Ерик гүллериниң аңқып əтири,
Әтирапта жаңлады сениң қосығың.
Бүртиклер жамырасып „тири ол, тири!"
Дегендей болады оған қосып үн.

Ҳəр келгенде бəҳəр излесе, сонда
Өлди деп болар ма шайырдың өзин?
Ақшам түслеримде, күндиз ядымда,
Ҳəр алған демимде барсаң, əзийзим!

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕРИК ГҮЛЛЕГЕНДЕ

„Әйнегимниң алдында бир түп
Ерик аппақ болып гүлледи"...
Ол оятты қайғымды түртип,
Гүл емес, бул дәртлерим еди.

Сум айралық—мийрими жоқ жаў,
Жалын екен жанды шарпыған.
Сен сығалап турғандайсаң-аў,
Гүллеп турған ерик артынан.

Әйнегимниң алдында бир түп
Ерик өскен бул муңлы жайда,
Тағы түнеп қалдым мен келип,
Көз алдымда сен болдың пайда.

Биз екеўимиз бир гезде жасаған
Жайдың босағасын атларда,
Татлы түстей елеслеп маған,
Татлы шағлар түсти ядларға.

Сонша ысық, сонша ләззетли,
Жаслығымыз өткен бул тар жай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бунда жасар шын муҳәббетли
Сезимлерден тууылған шырай.

Ҳәр мүйеши мени елитип,
Қыялымның шертеди тарын.
Көз алдымда, өзиңди умытып
Қосық жазып отырғанларың.

Көз алдымда: гүлдиң хош ийисин
Сен қызғанып самалдан, жаным,
Ҳеш уйқылатпай илҳам перисин,
Түни менен қәлем тартқаның.

Оқыйтуғын едим-аў мен де,
Шөлимди басып ҳәр қатарыңнан.
„Унағай-да қосығым*" дегендей,
Сен телмирер едиң-ау маған.

Бир уллылық, мийрим барқ урған,
Сонда жүзиңдеги күлкини,—
Алмастырмас едим-аў ҳаслан.
Пүткил дүньяның бай мүлкине!

Бәри-бәри ышқындай тири,
Ҳәмме жерде көринер изиң.
Ызылдаса пал ҳәррелери
Еситилер даўысың, сөзиң.

Дәртиң мени лапылдап турған
Сағыныш тандырына таслады.

---

Илҳам periси—йош, деген мәниде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таң саз берип, мине, шығыстан,
Алтынланды терек баслары.

Өзиң сүйип жырлаған ерик
Ақшам аппақ гүлге бөленди.
Сен туўралы қыялға шөмип,
Жалғыз үйге қайттым мен енди.

---



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖУЛДЫЗ.

Акшам үйге сыймай буўлығып жалғыз,
Сыртқа шығып кеттим. Тәбият маўжырар.
Сениң көзиң яңлы көкте бир жулдыз
Маған кирпик қақпай тигилип қарар.

Тап сендей алыста, сендей сәўлели,
Таң сәҳәрде ол да сөнеди сендей.
Ышқы аспанынан жубатып мени,
„Жаным, мен тиримен, барман" дегендей.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЯЛЛАР.

О, қыяллар, желдей урланып,
Келип қыйнайсызлар жанымды.
Безиксем де билмей қаламан,
Көксиңизге бас қойғанымды.

Сизсиз кеўил қанатсыз қустай,
Сизсиз өмир бир бос жай болар.
Еки адамға тарлық еткен жай,
Сиз келсеңиз кең сарай болар.

Шырт уйқыда пайыз етер түн,
Ай-жулдызда ҳәрекет ағар.
Қыялларым, сергек қыялларым,
Мени желпип қанатын қағар.

Қыял менен ел саҳрасында,
Кийиклерге қуўып жетерсең.
Қыял—ақ қуў жүзсе қасында,
Теңизден де жүзип өтерсең.

Көз жасындай мөлдир булаққа,
Түсип кетсе көринер ийне.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қар жамылған таўлар узақта,
Жарқыраған бир аппақ сийне.

О, қыяллар!! Йош ҳәм ышқының,
Ақ отаўын тигип ерекке,
Еслериме саласыз мениң,
Естен шықпас биреўди тек те.

Сонда сизге жаңа ат тағып,
Муҳәббет деп атайман өзим.
Кеўилде бир күш шақмақ шағып,
Жарқ етеди сол жаңа сезим.

Өмир сонда қайта дөрелер,
Кеткен келер, тирилер ядта.
Ғыр әтирап гүлге бөленер,
Шырай тасар ҳәм тәбиятта.

Қыялларым ақса тереңде,
Селлер ағар жылға-сайлардан.
Қубылады алтын иреңде
Гүзар жолдан көтерилген шаң.

Қыялларым өз паслын жайса,
Қысты жазға дөндирер қуяш.
Шөл қойнында ырғалып майса,
Гүллеп жатар ҳәтте қайрақ тас.

Сыйқыры жоқ жанлы қыяллар,
Мен бендемен сыйқырыңызға!
Тикенектен дөретип гүлзар,
Гүл төсейсиз ой-қырыңызға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақшам көрген ғумшамыз бирден,
Шешек атып ашылса азанда,
Түнги салқын оны өсирген,
Қосық талап етсе. Ал, сонда,—

Сонда сизге, о қыялларым,
Йош деп ат қояман жаңадан.
Сонда мениң кеўлимде барым,
Қосық болып ағады мудам.

Қолда қәлем, алдымда қағаз,—
Шайырлардың садық қуралы.
Қыял қусы етеди пәрўаз,
Таң атқанша қасымда болады.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## НЕ БӘЛЕГЕ МҮПТАЛА ЕТТИҢ...

Тәселлеге турмады кеўлим,
Ҳәсирет пенен күнлерим өтти.
Ҳижранында тынбай өртендим,
Не бәлеге мүптала еттиң!

Сени ойлайман, көзлеримде жас,
Кеўлимде жоқ зәрре жубаныш.
Қәлем, қағаз жубата алмас,
Қосығымның намасы—налыш.

Соншелли пәк, шын ашықлықтың,
Бунша неге дәрдесери бар?
Парасат ҳәм ақыл, мәртликтиң,
Дәрт алдында тили неге лал?

Асқар таўдай деп жүрген кеўлим,
Болғаны ма шымшық басындай?
Дәрт бәлесин женейин дедим,
Бирақ олар көбейди сондай.

Сениң көзиң менен шенедим,
Ығбалымды мен барлық ўақта.
Биротала күймекши едим,
Күйип таўсылмадым биракта.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПӘРЕНЖЕСИН ТАСЛАДЫ ҚЫЗ...

Пәренжесин таслады қыз,
Жанды шашбан[1] дыз-дыз етип.
Мисли булттан шыққан жулдыз,
Жайнап кетти қыз келбети.

Таңырқап қыс ерлигине,
Жығын-жығын адам қалды.
Ашық айдай жайнап, мине,
Үйге қарай қыз жол алды.

„Пәренже, бул—қәпес" деген,
Ўаздың сөзи еле есте.
Бурылды да тар көшеден,
Қыз есикти қақты әсте.

Көрип пәренжесиз қызын,
Бир жапырақ от көргендей,—
Қыз әкеси бурды жүзин,
„Қызым жоқ,—деп—мениң сендей!"

---

Шашбан (чалван)—Пәренжениң ат қуйрығынан елгезердей етип тоқылған, жүзди жасырып туратуғын тор—пердеси. И. Ю.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тар қапыны „тарс“ еткизип,
Жапты әке қыз алдында.
Қыз бийшара көзин сүзип,
Сыртта жалғыз қалды сонда,

Өз үйиниң есигинен,
Тыңлап әке ғарғысларын,
Турды сулыў қайғы менен,
Күтип көклем таңатарын.

Өкинбеди бирақ та қыз,
Қыйналмады пәренжеге
Тордан азат етилген қус
Қәпесин сағынсын неге!

Таң шолпаны туўған ўақта,
Жигерленип қыз ыраслап,
Нәзерлеп күн шығар жаққа,
Жүрип кетти үйин таслап.

Кетти... Ата ғарғысына
Қайырлып ҳеш қулақ салмай.
Жаңа турмыс қушағына
Атты өзин ашық ярдай...

...Жақсы атқарып жумыс күнди,
Оттай жанып келер ҳаял.
Бир жапырақ сол жалынды
Күтип алар есикте шал.

Журт ғаррының министр қызын
Мақтағанда „азамат“ деп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шетке алар ғарры өзин,
Өткен иске пушайман жеп.

Бир жапырақ жалынның сол,
Күн нурынан екенлигин:
Баяғыда билмеди ол.
Буны ғарры билер бүгин!

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДОСТЫМА

Әдетим бойынша ерте оянып,
Достым, сен ҳаққында ойладым және.
Бәҳәр сағымындай ой толқынланып,
Бир сағынышлы нама ақты кеўилге.

Негеде, өзиңди мегзеттим таңға,
Ығбалың қуяштай жайнап көринди.
Түн пердесин серпип атқан таң сонда
Еске салды сениң өмир жолыңды.

Бирак, айсыз еди сен көрген түнлер.
Күн шықты ҳәм батты сеннен узаққа.
Ҳәтте көкрегинде туўылған жигер,
Сөнди қара турмыс салған дузақта.

Ленин көтерген туў таңдай нурланып,
Сениң ылашығыңды жақтыртты бирден.
Сен муңлы басыңды көтерип алып,
Қайтадан тутандың сөнген жериңнен.

„Адамсаң, адамдай өмир сүр!" деген
Мийирибан даўыстан ояндың таңда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзлериң қамасып қарай бердиң сен
Өзиңе адам атын берген нызамға.

Бул күнге жеткенше жүрип өттиң сен,
Жулдыз жолы янлы дым узақ жолды.
Қанша жан, қанша қан, қанша үмитлер,
Қанша Турсынайлар қурбанлық болды.

Не бир машақатлы қырлардан асып,
Жеңдиң зулымлықты, азат болдың сен.
Көзде нур, жүзинде өмир жилўасы
Таңның сәўлесинен усылайша келген.

Ашық көз бенен сен дүньяны серлеп,
Өмир арыўлығын аңладың сонда.
Дүнья сени азат, шадлы түринде
Көрди туңғыш рет өз тарийхында.

Әсирлик әрманлар қулпырып гүллеп,
Өз шынлығын тапты жаңа турмыстан.
Сениң менен жайнап жасарып еллер.
Жаңарған өмириңнен басланды дәстен.

Сен—ана. Сарқылмас өмир булағы,
Сени тиришиликтиң анасы десер.
Уллы келешектиң нәли, жапырағы
Сеннен тармақланып жайылар, өсер.

Сен—пахтакеш, сен—тоқыўшы, сазенде,
Сен—илимпаз, жулдыз сырларын билдиң.
Сен тәбият пенен бәслескениңде
Үнине суў қуйдың қуран, инжилдиң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен бахтияр един. Басланды урыс,
Ериңди бир түнде урысқа жөнелттиң.
Ертеңине заводқа келип тым-тырыс,
Ийесиз станокқа ийелик еттиң.

Колхоз атызында қалған зүрәәт
Сеннен талап етти үш есе күшти.
Хожалық машқаласы, урыс-әламат,
Ҳәммеси, ҳәммеси басыңа түсти.

Бәрине үлгерди қолларың сонда,
Ҳәптелеп көрмедиң уйқы, демалыс.
Бийўапа болмадың. Тул қалғанда да
Белди беккем буўдың, етпедиң налыш.

Сөгилди батыстан көшкен булт себи
Перзентлериң ашқан от күши менен.
Улларыңның мәртлик, ышқы, ғәзеби
Оларға сиңген еди ақ сүтиң менен.

Саған зил таслаған сол аўыр ўақлар
Барынша танытты сени дүньяға.
Урыс қыраўынан шашыңда ақ бар,
Мәртлик, сабырың, бирақ, болды зияда.

Қаҳарман халқымыз жетти жеңиске,
Парахат турмыс ақты өз арнасынан.
Шықты қурылысшы халық ғалаба иске,
Дөретиўши мийнет йош берди саған.

Баўырың пүтинленди, кеўлиң жәмленди,
Арзыў-үмит, ҳәўес гүлледи тағы.
Ҳасыл жер ҳәм алтын қолларда енди
Күн сайын дөрелер бахыт булағы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир тутасы менен тийисли саған,
Қай жерге созсаң да, жетеди қолың.
Саған ертели—кеш нур өзи ҳәмдам,
Айдын, саррас, гүзар жүрерге жолың.

Достым, сен туўралы ойлағанымда
Атқан таң жүзиңнен хабар бергендей.
Қуслардың гүмистей қанатларында
Сениң шадлы күлкиң ушып жүргендей.

Өзиңе берилген зор ҳуқуқ пенен,
Күл, достым, даўысың шарқ урып кетсин.
Бәҳәр самалындай гүлзардан ескен,
Ески күн шығыстың қызына жетсин.

Бир гезлери өзиң күткендей, ол да
Сағынып жүрген шығар бәҳәр самалын.
Ол саған суқланса, сен ҳайран болма,
Себеби, сен—азат адам тымсалы.

Достым, алға умтыл, айдын жол саған,
Ленинлик идея баслап барады.
Уллы Октябрь берген әдиўли нызам,
Уллы ҳуқуқыңды қорғап турады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СААДАТТЫҢ АМЕРИКАЛЫ ХАНЫМҒА БЕРГЕН ЖУЎАБЫ

Маған келип жетти, байбәще ханым,
Флор вилласынан жазған хатыңыз.
Өзгениң ығбалы менен дәўранын
Күнлеў екен сизиң ықтыҳатыңыз.

Хат деген нәрсе, бул—кеўил айнасы,
Кеўлиңизди билдим оқыған ўақтымда.
Жазыпсыз байлық ҳәм урыс ғулғуласын,
Өз бахтың ҳәм мениң мәртебем ҳаққында.

Сиз, биз—еки түрли дүньямыз бүгин,
Сиз бенен айтысып отырғым келмейди.
Азат Күншығыстың қызының жуўабын
Ал енди жер-жәҳан еситсин мейли!

Сиз де геологсыз. Дипломды, бирақ,—
Сизге алып берген ата дәўлети.
Ериңиз долларға қурады дузақ,
Ол доллар—ақ, қара куллар мийнети.

Перзентти бәлениң бир түги көрдиң.
Тез қартаяр дейсиз көп туўған ҳаял.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сизге диплом алып берген доллардын,
Жыңғырлысы тек те сиздеги қыял.

Есап-сан жоқ кийим-кеншегиңизде,
Гәўҳар таслар таққан мойын, қолыңыз.
Сарайыңыз алыстан тасланар көзге,
Хызмет қылар байғус қара қулыңыз.

Ислеў неге керек, рәҳәтте жаның,
Қуллар мийнетинен ағып келер пул.
Мине, американы билимдар ханым,
Сизиң дипломыңыз, ойларыңыз бул!

Доллар ышқысында гербиши күйген
Вилладан қарайсыз, зер көз әйнектен.
Көз карасыңызды түсинемен мен,
Бизге сиз түсинбейсиз, айыбы тек те.

Сиз пәмлей алмайсыз бизиң кеўилди,
Қандай күш бизлерге бахыт бергенин.
Мине, мен—геолог. Бул туўған жерди,
Изертлеп үйрениў—бахытым мениң.

Қуллық деген сөздиң жокдур изи ҳәм,
Азат халық жасаўшы бул топырақта.
Қуллық дөретиўши жабайы нызам
Туўылып атыр сиз жасаған жақта.

Ал мен қул емеспен, қулым да болмас,
Бул үлкен семьяда ҳәмме барабар.
Ақ, қара, сары деп айырып турмас,
Еркин совет адамы деп саналар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Илим докторыман, билсеңиз, мен де,
Әнейи деп ойлама байлығым, затым.
Илим шыңына мен пәрўаз еткенде,
Әлбетте, доллар емес менин қанатым.

Қызыман қарапайым өзбек—шопанның
Мени докторлыққа жеткерген—елим.
Байлықларын аңсап бизиң Ўатанның,
Уолл-стритт уйқы көрмей жүр бүгин.

Тынбай есаплайсыз байлығымызды,
Ҳәм шаршайсыз есабына жете алмай.
Себеби тынышлық қурылысы бизде,
Ҳасыл байлықларды дөретер тынбай.

Байлық ышқысында күйгенлер ушын,
Бул тек те зат болып көринип турар.
Дослықты, адамды сүйгенлер ушын,
Елим бахыт шыңы болып жарқырар.

Бул—кең далаларды көмкерип өсип,
Теңселген тоғайлардың шаўылдылары.
Каналларда ҳағлап ҳәм дүркиресип,
Күнге шағылысқан суў толқынлары.

Шөлде бинияд болған бағлар шырайы,
Алтын баслы бийдай ырғалысы бул.
Бул—ақ алтын таскан октябрь айы,
Зер ирең пилланың таўланысы бул.

Бәри бир қуяштан алып нур-жақты,
Күннен күнге өсип, бекискен бели,—
Бул—менин Уатаным, ығбалым-бахтым,
Бул—мениң ғәзийнем—Советлер ели.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Сизлерде геологка мүтәжлық жоқпыс!"
Бул ырас! Жумыссыз кәсип көп сизде.
Ал бизде... ҳәр жылы жүзлеп геолог,
Шығады бир ғана Ташкентимизде.

Лекин, уллы ислер ушын бул да аз!
Жумыссыз отырмас сиздей ҳеш адам.
Миллион тилеклерде бир ғана пәрўаз:
Өмир сулыўлығын дөретиў молдан.

„Ашып қойнымдағы мол ғәзийнени
Халқыңа бер!" десип таў шақырады.
Жер астында жатқан тутқын нефть, „мениң
Көзимди аш, сулыў!" деп аҳ урады.

Таўға биз апарған өмир изинен
Жайнап коммунизм отлары жанар.
Мине, маршрутым, мениң режем,
Бунда Ўатанымның келешеги бар.

Сиздей гедей жан жоқ шығар дүньяда,
Әй, дүрри—гәўҳарға көмилген ханым!
Сизиңше тек пардоз қутышасында
Билим де, кеўил де. Пул екен жаның.

Емизиўли баланың жас ийиси, бул—
Сизге жат, ал, маған кәйипли нәше.
Сизиң өмириңиз—хазан урған гүл,
Келешек жолыңыз—бир туйық көше.

Кетегинде сары капитал ийттиң
Рухыңыз өлген, тек геўдең тири.
Сизден көринип тур Уолл-стриттиң
Өлимге гириптар болған тәғдири.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ФОНТАН ҚАСЫНДА

Әжайып түн,
Ай, жулдыз
Қаладан көз айырмас.
Отыр фонтан қасында
Бир жигит,
Бир қарындас.

Тилсиз фонтан адамның
Шадлығындай қайнайды.
Күлген көзлер заманның
Жулдызындай жайнайды.

Ай да батты
Таң атты.
Сөнди жулдыз шоғы да.
Ышқы толы
Қос жүрек
Кетти станогына.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШОПАН

Халқы менен бирге нәфес алғандай,
Ол соңғы хабарды тынлап Москвадан.
Сайланып гүреске түсер палўандай,
Шықты ақ отаўдан азамат шопан.

Даланың өзинше өмири, көрки бар,
Көклем көк майсадан төсейди ғалы.
Жерден кетер-кетпес еригенде қар,
Бәҳәрди шақырып келер самалы.

Жылғалар жылтырап бәҳәр паслында,
Шөп тамырын түртип, қытықлап ойнар.
Көк қуўалап сырнай сести астында,
Толқындай ағады жайлаўда қойлар.

Қырдың жасармаған жерлери кемип,
Таўлар қабағына бәҳәр тәпси урған.
Шопан шад,—колхозы оған исенип
Жулдыздай есапсыз қойды тапсырған.

Шопан қуўанышлы ойларын ойлар,
„Мол ет бер!“ ураны шықпайды естен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуйрығын тарта алмай ҳасылдар қойлар,
Жер сүтин емип жүр бас көтерместен.

Гүмис қырпықлары шағылсып таңға,
Қозылар жайлаўды қаплап өреди.
Бул шопан теңи жоқ сулыў ўатанға
Теңи жоқ қара көл тери береди.

Шопан шад,—жыл-жылдан артып қой саны,
Колхозы пәтленип алға өтпекте.
Күн сайын халқының қалыңайып ғаны,
Мийнетке барынша ҳүрмет етпекте.

Шопан сылдыратып сырнай намасын,
Тобылғылы сайды айланып өтер.
Халық байлығы болған қойлар падасын
Онда из түспеген отлақлар күтер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СӘЛЕМ, МЫСЫР!

Шайырлық йошымды шақыраман мен
Орайында турып оянған елдиң.
Советлик Азияның шадлы кеўлинен
Қаҳарман халық, саған сәлем әкелдим!

Тау, теңизлер бөлип турса да бизди,
Ташкентим Қаҳира менен туўысқан.
Арап өз кисенин сындырған гезде
Бизиң қуўанышымыз дәрьядай тасқан.

Мен көрдим Мысырға ийин тиреген
Сирияның таза талпыныуларын.
Азия, Африка интимақ пенен
Қууғанын өзиниң жалпы жауларын.

Батыр Порт-Саидтың уша басында
Күнге шағылысқан қызыл туў көрдим.
Еркинлик мәртлериниң қанынан бунда
Көгерген гүл ғой деп бул тууды сонда,
Қурбанлар хаққына бас ийип турдым.

Оянған араплардың арзыў-тилегин
Көк Нил қулағыма сыбырлап өтти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әйемги Мысырдың сулыў жүреги
„Еркин сәўбетке кел“ деп мирәт етти.

Не ол, ашық еткен арап устасын
Бухараның өлмес өнерлерине?
Қандай күш Мысырдың пирамидасын
Жолдас еткен Памир төбелерине?

Ана, бала, халықлар ҳәмме жерлерде
Не деп тынбай аңсап, гүресип келеди?
Москва, Қаҳира екеўи бирден
„Дослық ҳәм бирлик!“ деп жуўап береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АТАҚЛЫ ШАИРА

Жоқары мәдениятлы Өзбек халқы өз қызлары арасынан өсип шыққан көркем сөз усталарына үлкен ҳүрмет көрсетип, оларды „шаира“ деп атайды.

Атақлы шаира Зүлфия тек ҳәзирги өзбек поэзиясында ғана емес, бәлки көп тилли, бир мақсетли совет жазыўшыларының үлкен семьясындағы көрнекли ҳаял шайырларының бири.

Зүлфия Исраилова жаңа өмир таңы менен араласа (1915-жылы) дүньяға келген, жүзине пәренженин қара көлеңкеси емес, ал Октябрь таңының нурлы сәўлеси түскен, совет мектебинде оқыған, социализм дүзиўге белсене қатнасып, енди коммунизм дүзиўдеги уллы гүресте жәўлан урып жүрген миллионлаған жоқары саналы азат Күн шығыс ҳаялларының гүресшең ўәкили. Шаираның қосықларындағы тийкарғы қаҳарманлар да оның усы қурдаслары болады. Ол усы қурдасларының, заманласларының атынан сөйлеп, солардың ой-сезимин, тилек—әрманын жырлайды. Оның қосықларынын қаҳарманлары, шаираның өз аўзы менен айтқанда, „сулыўлыққа бөленген, ақыл—зейинли, жигер ҳәм ышқы сезими менен толып тасқан, нәзик сезимтал жа нлы ҳәм ўәдесине ўапалы өзбек ҳаялы“.

Зүлфия өзиниң оқып үйренген шайырлық мектеби ҳаққында былай дейди: „мен Наўайынын қумарлыққа толы ғәззеллеринин, кристалдай тынық Пушкин строфаларының, топалаңшыл өжет Байрон қосықларынын, қайғылы-өкиниш ҳәм дәрт пенен суўғарылған Лермонтов қатарларының, қарапайым ҳәм шын кеўилли Некрасов образларының ийримине түсип көрдим“... „Ҳәмид Әлимжан менен қослас болып, оның менен он жыл бирге өмир сүриўим маған үлкен бахыт болды. Улкен шайыр, ҳайран қаларлық мийнеткеш ҳәм тәртипли, досларына күтә сахый, душпанына қатал адам болған Ҳәмид Әлимжан мениң тек ерим, балаларымның атасы ғана болып қалмастан, соның менен бирге, мениң жасы үлкен жолдасым, зейинли ақылгө-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йим де болды. Мен оннан ойлаўды, жумыс ислеўди, қосық жазыўды үйрендим".

Зүлфия—лирик шайыр. Оның йош артезианы Советлик Азиядағы „уллы туўылыўдан" сарқылмас суў алады. Усы туўылыўдың анасы болған уллы революция, ленинизм ҳәм адамға „еркинлик және сулыўлық берген" туўысқан партиямыз шайырдың ҳәр алған деминде бар. Шайырдың өзи айтқандай, оның ҳәр қатар қосығынан Ильич нуры жайнап турады. Жаңа өмир жаратыў иси күнделикли өнерине, кәсибине айналған, „кеўлинде қуяшы бар", Ўатан ушын, өз ўатанласлары ушын, планетамыздағы ҳәмме мийнет адамларының бахыты ушын жасаў ең жоқарғы мақсети болған совет адамларының өмир-тиришилиги менен шайыр нәфес алады.

Усы оның „кеўлине жақын кисилери", олар ҳәммеси азанда бир үлкен қурылысқа ўатан бойлап ағылып баратырғандай. Дәў-кранға жай блокларын илдирип, бийик қурылыстың үстинде „күнге жақын барып" ислеп атырған қызға шайыр қуўанғанынан жерде турып гербиш энергиси келеди. Жаңа әсир трибунасына сөзге шыққан жигирмаланшы съезд шайыр жүрегинде жигер, қуўаныш толқынларын жүзеге келтиреди. Қарапайым пиллекеш ҳаял депутатлыққа көрсетилгенде оның қызы болып шайыр қуўанады. „Март таңында" өз ўатанының „академик қызы" менен бирге жумысқа асығады. Сүйгенине турмысқа шыққан „Келиншек"тиң тойына қатнасып, оған шын кеўилден бахытлы турмыс тилейди. „Зоотехник қыз" бенен жайлаўға кетеди. Қызалақтың салмадан қолы менен тынық суўды ише салып, жуўырып ойнап кеткен ҳәрекет—көринисине шайыр ҳәўес пенен қарап, „мениң қосығым да сол қызалақ ишкен бир уртлам суўдай шөлбасар болса екен" деп әрман етеди. Айдай ашық жүзлер арасында пәренже жамылып жүрген ҳаялға барып, оның ескилик қәпесине түсип қалған сезимин оятады. „Бахыт—байлықта, сулыўлық-безениў де" ғана деп түсиниўши америкалы ханымға өнегели өзбек қызының ақыллы жуўап хатын жазады („Өзбек қызы Садааттың америкалы ханымға жуўабы")...

Ҳәзирги ўақта тек өз халқының турмысы менен ғана қызықсынып ҳәм тек қосық жазыў менен ғана жасаў шайыр ушын шеклениўшилик болар еди. Зүлфия—жәмийетлик искер шайыр. Дүньяда парахатшылық ушын жүргизилип атырған гүреске ол актив қатнасады. Гүресшең шайыранын даўысы Азия ҳәм Африка жазыўшыларының Қаҳрадағы конференциясында, Күншығыс ҳаялларының парахатшылық ушын гүрес трибуна-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рында жаңлап еситилди ҳәм еситилип турады. Ол Шығыс ҳәм Батыста көп ғана еллерде болды. Парахатшылық ушын гүресте дүньялық әҳмийетке ийе болған үлкен илажларға қатнасып жүр. Парахатшылық ушын гүрес, сырт ел халықларының турмысы ҳаққында өзиниң йошлы қосықларын жазады.Зүлфияның әсиресе „Мушаира“ атлы қосығы өзиниң проблемалылығы, Азия ҳәм Африкадағы күшли ояныўды, оның рухын тереҢ типизация менен бере билиўи, ой сезимге байлығы ҳәм стиль оригиналлығы менен ҳәзирги көп миллетли советлик поэзиямыздың халық аралық темадағы үлкен табысларының бири деўге болады.

Зүлфия көркем аўдарма менен де шуғылланады. Оның аўдармаларының ишиндеги ең көлемлиси—Н. А. Некрасовтың „Рус ҳаяллары“ поэмасы.

Аўдарманың жоллары, принциплери ҳаққында еле таласлы пикирлер көп. Биреўлер жақын тиллерден „жағалатып“ аўдарыўды яғный „биланди“ „бенен“ деп, „дарды“„лар“ деп ғана жөнлеп, тартыўлы табақ, таяр уйқасты пайдаланып өте шығыўды тәўир көреди. Мүмкин, иретинде солай да ислениўи. Бирақ бул көбинесе истиң аңсат жағын гөзлеўден келип шығады. Биреўлер қатарларды, қосықтың өлшемин ҳәм ырғағын, буўын санын нақ сақлап аўдарыўды жақлайды. Бул—жақсы, бирақ, мениңше бул принципти аўдарылып атырған ҳәмме шайырға, ҳәмме қосыққа ҳәм барлық тилге таңа бериўге болмайды. Ең баслысы—аўдарма өз оқыўшыларына олардың өз ана тилиниң поэтикасындай туўысқан, түсиникли болыўы керек, ең алды менен шайырдың жүрек сезимин, жан жылыўын, оның ой пикирин толық, анық күйинде шайырдың сүўретлеў өзгешелигиниң ең характерли жақларын сақлаў арқалы жеткере билиўи шәрт. Менде усы пикирдиң тәрептарыман. Зүлфияның қосықларын аўдарғанда да оларға усы нәзерден қатнас жасадым.

Мен бул азат Күн шығыс бүлбилиниң қосықларын қарақалпақ тилине аўдарғанымда шайыр сөзине қәнаәтленип, ықлас пенен аўдардым. Соньлықтан аўдармада гейпара олпылықлар ушырасса, буны ықлассыз аўдарылғанлықтан деп емес, бәлки бул аўдарыўшының шеберлик мүмкиншилигинен ямаса аўдарма үстиндеги жумыстан ғәрезли деп қараўды оқыўшылардан өтинер едим.

*Ибираим Юсупов.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


Азатлык сүйиўши еллерге сәлем . . . . . . . . . . . . . . 5
Нур . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8
Мушаира . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10
Кеўилиме жақын кисилер . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Мен коммунистпен . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 20
Ана . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 22
Қызғаныш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 24
Улым, сирә урыс болмайды . . . . . . . . . . . . . . . 26
Март таңында . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
Пәренжесин тасламаған ҳаялга . . . . . . . . . . . . . 31
Кандидат пенен ушырасыў . . . . . . . . . . . . . . . 34
Чаржоў-Қоңырат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
Бизиң аналарымыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Қызалағыма . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
Бәҳәр келип сени жоқлады . . . . . . . . . . . . . . . 44
Ерик гүллегенде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Жулдыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 50
Қыяллар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 51
Не бәлеге муптала еттиң . . . . . . . . . . . . . . . 54
Пәренжесин таслады қыз . . . . . . . . . . . . . . . . 55
Достыма . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 58
Саадаттың америкалы ханымға берген жуўабы . . . . . . . 62
Фонтан қасында . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 66
Шопан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67
Сәлем Мысыр! . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 69


www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

ЗУЛЬФИЯ

# ЛИРИКА

*ККГИЗ—1962—НУКУС*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзбекшеден аўдарған *И. Юсупов*
Редактор *Ш. Мамбетмуратов*
Художник *А. Ибадуллаев*
Худ. редактор *Ж. Қутлымуратов*
Тех. редактор *Н. Сапарниязов*
Корректор. *Ү. Уразымбетова*

Териўге берилген ўақты 13/XI—1962 ж. Басыўға руxсат етилген ўақты. 8/XII-1962 ж. Қағаз форматы 70Х108 1/32 Көлеми 4,75 баспа табақ. 3,32 шәртли баспа табақ 3,32 есап баспа табақ. Тиражы 3000. Баҳасы 20 т.

Қарақалпақ Мәмлекет баспасы. Нөкис қаласы. Ленин проспекти 61

ҚҚАССР Мәдeният министрлигинин „Праўданын 50 жыллығы"
Нөкис полиграфкомбинаты Зак. № 255

www.ziyouz.com kutubxonasi